**Pou Piblikasyon Imedya:** 08/10/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REKÒ NAN KANTITE TÈS COVID-19 KE YO RAPÒTE

***145,811 rezilta tès COVID-19 yo te rapòte yè bay Eta New York***

***20 kòd postal nan zòn sansib yo - Brooklyn, Queens, ak Konte Orange ak Rockland - Gen 5.8 pousan to pozitivite***

***Pozitivite nan tout Eta a sof pou kòd postal zòn sansib yo se 1.01 pousan; 1.26 pousan avèk kòd postal zòn sansib yo ladan***

***10 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

***SLA ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a Vizite 637 Etablisman; Obsève 7 Etablisman ki Pa Konfòm***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te rapòte 145,811 rezilta tès dyagnostik bay Eta New York yè—yon nouvo rekò. Nan 20 kòd postal prensipal yo nan zòn ki konstate epidemi resan yo - Konte Brooklyn, Queens, ak Rockland ak Konte Orange - yo te reyalize 7.349 tès, ki bay 426 pozitif oswa yon to pozitivite 5.8 pousan. Nan rès Eta a, yo te reyalize 138,462 tès ki bay 1,410 pozitif oswa yon to pozitivite ki estime a 1.01 pousan.

"Yè nou te fè 145,000 tès, ki se yon nouvo rekò pou Eta New York. Sa se plis tès pase nenpòt lòt moun ap fè nan Etazini, yon nouvo rekò pou nou. Tès yo, ak rezon nou ap ogmante tès yo, sè ke nou ap teste de (2) inivè--tès nòmal nan tout Eta a, kote se sa nou ap fè a depi kèk tan, epi answit teste jis nan kòd postal pwen cho yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gen kèk moun ki te rapòte ke to enfeksyon nan Eta a ap monte. Sa se pa yon reyalite epi sa pa kòrèk. Fwaye yo se sa nou ap obsève. Fwaye yo reprezante 6 pousan nan popilasyon Eta a. Mwen pa panse genyen okenn lòt Eta ki fè ase tès pou yo menm konnen kisa 6 pousan nan popilasyon an ap fè. Kidonk pa konfonn 6 pousan popilasyon an epi di li reprezante Eta a."

Eta New York kontinye swiv fwaye yo ak yon atansyon patikilye nan milye ki gen zòn sansib yo, ak sitiyasyon fwaye yo. Anndan 20 kòd postal prensipal yo nan konte ki gen epidemi resan yo - Konte Brooklyn, Queens, ak Rockland ak Konte Orange - to mwayèn tès pozitif la se 5.8 pousan. To pou tès pozitif yo pou rès Eta New York la, san konte 20

kòd postal sa yo se 1.01 pousan. 20 kòd postal sa yo gen 23,2 pousan tout ka pozitif nan Eta New York yè, men reprezante sèlman 6,2 pousan popilasyon Eta a.

Zòn nan kominote sansib yo, prensipalman nan Konte Brooklyn, Queens ak Rockland ak Orange, pral kontinye sijè ak efò tès ki sible ki enkli aksè ak machin tès rapid. Kòd postal yo disponib anba a; yo klase pa to pozitivite ki pi wo sou yon mwayèn 7 jou.

| KONTE | KÒD POSTAL | % POZITIF 10/7 | % POZITIF 10/6 | % POZITIF - 3 JOU AN MWAYÈN | % POZITIF - 7 JOU AN MWAYÈN | % POZITIF - 14 JOU AN MWAYÈN |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Orange | 10950 | 10.1% | 13.3% | 12.1% | 15.0% | 16.3% |
| Rockland | 10952 | 16.0% | 8.3% | 14.4% | 13.1% | 14.1% |
| Rockland | 10977 | 10.6% | 10.1% | 11.7% | 11.7% | 12.5% |
| Kings | 11223 | 7.4% | 5.3% | 5.9% | 7.6% | 6.8% |
| Kings | 11230 | 4.6% | 4.8% | 4.8% | 6.1% | 6.1% |
| Queens | 11367 | 3.8% | 5.8% | 6.4% | 6.0% | 5.0% |
| Kings | 11219 | 6.1% | 10.6% | 7.1% | 5.9% | 5.8% |
| Rockland | 10901 | 4.6% | 1.5% | 4.5% | 5.6% | 6.4% |
| Kings | 11204 | 4.2% | 5.9% | 5.3% | 5.2% | 5.4% |
| Kings | 11210 | 3.2% | 3.6% | 4.4% | 5.1% | 5.4% |
| Orange | 12550 | 4.2% | 4.7% | 4.0% | 4.6% | 3.4% |
| Kings | 11229 | 3.8% | 4.4% | 4.0% | 4.4% | 4.2% |
| Rockland | 10956 | 4.4% | 5.6% | 5.4% | 3.6% | 3.4% |
| Queens | 11691 | 4.9% | 4.0% | 4.5% | 3.5% | 3.2% |
| Kings | 11249 | 1.9% | 4.9% | 3.9% | 3.4% | 2.8% |
| Kings | 11218 | 2.9% | 4.0% | 3.2% | 3.1% | 2.7% |
| Queens | 11374 | 3.7% | 1.4% | 2.1% | 2.5% | 2.7% |
| Queens | 11432 | 2.5% | 4.8% | 2.6% | 2.5% | 2.0% |
| Orange | 10940 | 1.9% | 3.3% | 2.5% | 2.5% | 2.1% |
| Kings | 11235 | 1.4% | 2.2% | 2.2% | 2.4% | 2.6% |

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 637 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 7 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Suffolk** - 7

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 754 (+6)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 106
- **Lopital Konte yo** - 37
- **Kantite ICU** - 172 (-4)

- **Kantite ICU nan entibasyon** - 67 (-5)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 77,351 (+84)
- **Kantite Lanmò** - 10
- **Kantite Lanmò Total** - 25,555

Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | LENDI | MADI | MÈKREDI |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 1.0% | 0.9% | 0.5% |
| Central New York | 1.8% | 0.9% | 1.0% |
| Finger Lakes | 0.8% | 0.5% | 1.3% |
| Long Island | 1.1% | 1.2% | 1.0% |
| Mid-Hudson | 2.5% | 2.0% | 2.2% |
| Mohawk Valley | 0.6% | 0.4% | 0.5% |
| New York City | 1.4% | 1.5% | 1.2% |
| North Country | 0.3% | 0.1% | 0.7% |
| Southern Tier | 1.8% | 1.4% | 1.3% |
| Western New York | 1.6% | 0.9% | 1.4% |

Pousantaj rezilta tès pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE | LENDI | MADI | MÈKREDI |
|---|---|---|---|
| Bronx | 1.4% | 0.9% | 0.9% |
| Brooklyn | 2.1% | 2.2% | 1.7% |
| Manhattan | 0.7% | 0.5% | 0.7% |
| Queens | 1.3% | 1.7% | 1.3% |
| Staten Island | 1.8% | 1.4% | 1.4% |

Nan total 470,104 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 3,251 | 18 |
| Allegany | 131 | 1 |
| Broome | 2,239 | 108 |
| Cattaraugus | 327 | 11 |
| Cayuga | 237 | 3 |
| Chautauqua | 656 | 15 |
| Chemung | 855 | 39 |
| Chenango | 267 | 2 |
| Clinton | 177 | 4 |
| Columbia | 611 | 0 |
| Cortland | 260 | 20 |

| | | |
|---|---|---|
| Delaware | 144 | 1 |
| Dutchess | 5,222 | 8 |
| Erie | 11,953 | 55 |
| Essex | 176 | 2 |
| Franklin | 71 | 1 |
| Fulton | 351 | 1 |
| Genesee | 355 | 3 |
| Greene | 372 | 6 |
| Hamilton | 15 | 0 |
| Herkimer | 355 | 2 |
| Jefferson | 177 | 1 |
| Lewis | 54 | 1 |
| Livingston | 216 | 3 |
| Madison | 505 | 0 |
| Monroe | 6,316 | 50 |
| Montgomery | 242 | 1 |
| Nassau | 47,656 | 140 |
| Niagara | 1,855 | 13 |
| NYC | 248,696 | 696 |
| Oneida | 2,503 | 13 |
| Onondaga | 4,669 | 33 |
| Ontario | 505 | 3 |
| Orange | 12,664 | 101 |
| Orleans | 342 | 2 |
| Oswego | 536 | 5 |
| Otsego | 354 | 1 |
| Putnam | 1,669 | 8 |
| Rensselaer | 958 | 1 |
| Rockland | 16,454 | 198 |
| Saratoga | 1,122 | 11 |
| Schenectady | 1,438 | 6 |
| Schoharie | 88 | 1 |
| Schuyler | 62 | 3 |
| Seneca | 114 | 2 |
| St. Lawrence | 339 | 2 |
| Steuben | 608 | 23 |
| Suffolk | 47,196 | 107 |
| Sullivan | 1,633 | 4 |
| Tioga | 304 | 13 |
| Tompkins | 465 | 7 |
| Ulster | 2,343 | 8 |

| | | |
|---|---|---|
| Warren | 427 | 2 |
| Washington | 314 | 3 |
| Wayne | 347 | 8 |
| Westchester | 38,694 | 66 |
| Wyoming | 147 | 0 |
| Yates | 67 | 0 |

Yè, te gen 10 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,555. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

| **Ka lanmò yo dapre konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo ka lanmò yo** |
| Cattaraugus | 2 |
| Cayuga | 1 |
| Chemung | 1 |
| Erie | 1 |
| Kings | 1 |
| Manhattan | 1 |
| Steuben | 2 |
| Westchester | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU